

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda téh salasihiji mata pelajaran nu kawilang penting pikeun nyangking pangaweruh basa tur mahér dina maké éta basa. Luyu jeung pamadegan Nida jeung Haris (dina Tarigan, 1983, kc. 1) nu nétélakeun yén aya opat komponén nu kaasup kana kaparigelan makéna basa, nyaéta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), kaparigelan nyarita (*speaking skills*), kaparigelan maca (*reading skills*), jeung kaparigelan nulis (*writing skills*).

Sakabéh aspék nu ditataan di luhur téh mangrupa hiji beungkeutan nu raket pisan patalina diantara nu hiji jeung nu lianna. Dumasar kana kaparigelan makéna basa, salasihiji kaparigelan nu kudu dicangking ku siswa téh nyaéta kaparigelan nyarita (*speaking skills*). Éta hal téh luyu jeung data nu aya, yén kaparigelan nyarita téh kaunggel oge dina SKKD (Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar) basa jeung sastra Sunda nu dikaluarkeun ku Disdik Jabar (2007, kc. 29). Lian ti éta salasaurang ahli nyaéta Nurgiyantoro (2010, kc. 399) ogé nétélakeun perkara pentingna kaparigelan nyarita:

.....penguasaan bahasa lisan lebih fungsional dalam kehidupan sehari-hari. Oleh karena itu, kemampuan berbiara seharusnya mendapat perhatian yang cukup besar dalam pembelajaran bahasa dan tes kemampuan berbahasa.

Dumasar kana kaayaan di lapangan, tétéla minat siswa kiwari kana pangajaran basa Sunda téh teu salawasna nyugemakeun. Teu saeutik siswa nu nganggap yén pangajaran basa Sunda téh hésé. Nu jadi alatanana mah taya lian siswa ngarasa yén basa Indonésia atawa basa deungeun séjénna leuwih babari dipaké jeung dilatihna tibatan basa Sunda. Nalika nyarita maké basa Sunda, dianggapna téh teu gaul, kumpang, jrrd. Lian ti éta, nalika lumangsungna jam pelajaran basa Sunda siswa ngarasa hoream diajar lantaran pelajaranana teu pikaresespeun jeung pikaboseneun. Tétéla bangbaluh pangajaran nu dipedar di luhur téh luyu jeung artikel nu judulna “*Menumbuhkan Minat Berbahasa Sunda*” (Zanuar, 2012) nu nétélakeun yén:

Alih-alih bahasa Sunda, siswa sekolah lebih memilih pelajaran bahasa Inggris karena dinilai lebih modern. Bahkan, banyak siswa yang menganggap pelajaran bahasa Sunda lebih sulit dan tidak berkorelasi dengan perangkat pendidikan kekinian, seperti komputer misalnya. ("PR", 23/9)

Dumasar kana pedaran di luhur, dianggap perlu aya tarékah pikeun ngungkulan éta bangbaluh, utamana bangbaluh dina kaparigelan nyarita. Salasihiji tarékah nu dimaksud nyaéta ngaliwatan pangajaran ngadongéng, nu dibarung ku média gambar séri.

Ngaliwatan pangajaran ngadongéng nu dibarung ku média gambar séri téh tangtuna bisa ngalatih siswa parigel nyarita maké basa Sunda, lian ti éta tina kamampuh ngadongéng ogé bisa nambahan pangaweruh siswa ngeunaan dongéng-dongéng nu aya di tatar Sunda.

Lian ti bangbaluh nu dipedar di luhur, tétéla dina prosés diajar ngajar téh tangtuna moal leupas tina peran serta nu jadi guru. Salaku tanaga pangajar, guru kudu parigel dina nepikeun bahan pangajaranana sangkan siswa ngarasa betah di kelas, jeung teu ngarasa bosen nalika nyanghareupan rupa-rupa pangajaran nu baris ditepikeun.

Salasihiji tarékah sangkan siswa betah kalayan teu ngarasa bosen nalika nyanghareupan pangajaran nu ditepikeun ku guru téh nyaéta guruna kudu miboga kamahéran dina maké média ajar.

Brets dina Ibrahim jeung Syaodih (2003, kc. 114) kungsi nétélakeun yén wangun média nu bisa dipaké dina kagiatan diajar ngajar téh di antarana nyaéta (1) média suara (*audio*), (2) média bentuk (*visual*), jeung (3) média gerak (*motion*).

Nurutkeun Sudjana (2007) dina Firdausi (2008), mangpaat tina média gambar téh nyaéta pikeun méré dorongan keur siswa sangkan bisa ngahudang minat siswa. Éta sababna, média gambar téh mangrupa salasihiji média alternatip dina nepikeun pangajaran basa Sunda, hususna pikeun pangajaran ngadongéng, lian ti maké média pangajaran séjénna. Média pangajaran ieu téh bakal leuwih ngarangsang imajinasi, kaaktipan, sumanget, jeung ngamekarkeun kampuh siswa dina nyarita.

Ieu média gambar téh bisa dijieun kalayan rupa-rupa conto gambar, nu satuluyna disaluyukeun jeung matéri ajar nu baris ditepikeun ku guru. Nu matak, ngaliwatan média gambar téh tangtu siswa bakal leuwih kataji, sok sanajan nu ngaranna bangbaluh mah tangtu bakal aya waé.

Luyu jeung bangabaluh nu geus dipedar di luhur, panulis ngayakeun panalungtikan nu judulna *Éféktivitas Média Gambar Séri pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngadongéng (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*.

Aya sababaraha panalungtikan séjénna nu geus dilaksanakeun méh sarua jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku panulis, salasihijina nyaéta panalungtikan ngeunaan *Éféktivitas Média Gambar dina Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongéng SMP YAPIDA Taun Pelajaran 2007/2008* nu dilaksanakeun ku Ainun Firdausi angkatan 2004. Dina éta panalungtikan, tétéla média gambar téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng.

Najan éta panalungtikan jenis médiana méh sarua nyaéta média gambar, jeung variabel panalungtikanana méh sarua. Tapi, nu méh sarupa éta téh dina kanyataanana mah tangtu aya wae bédana, nu jadi bédana nyaéta dina wangun médiana jeung variabel panalungtikanana.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara masalah nu diidentifikasi pikeun ditalungtik, saperti ieu di handap.

- a) Siswa masih ngarasa hésé nyarita basa Sunda.
- b) Stratégi pangajaran ngadongéng nu dilarapkeun di sakola ku guru can bisa jadi solusi pikeun ngungkulan bangbaluh nu karandapan ku siswa dina pangajaran ngadongéng.
- c) Guru masih maké métode pangajaran nu monoton, teu maké média séjén, tur leuwih loba méré téori batan prakték, nu ngabalukarkeun siswa ngarasa bosen.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah ieu panalungtikan di rumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a) Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014 nu teu ngagunakeun média gambar séri?
- b) Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014 nu ngagunakeun média gambar séri?
- c) Naha ngagunakeun média gambar séri téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng tibatan teu ngagunakeun média gambar séri siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktivitas média gambar séri pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng di kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara hususna ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a) kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014 nu teu ngagunakeun média gambar séri;
- b) kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014 nu ngagunakeun média gambar séri; jeung
- c) éféktivitas ngagunakeun média gambar séri pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng tibatan teu ngagunakeun média gambar séri.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tiorotis

Tina ieu panalungtikan téh dipiharep sangkan bisa kapaluruh kumaha éféktifna média gambar séri dina pangajaran ngadongéng di kelas X SMA

Pasundan 2 Bandung. Lian ti éta, tina ieu panalungtikan téh dipiharep sangkan bisa ngaronjatkeun kréatifitas guru dina nyiptakeun jeung ngagunakeun média pangajaran pikeun bahan pangajaran basa Sunda sangkan teu karasa monoton, tur bisa jadi sumbangan pikeun dunya atikan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

a) Guru

Dipiharep ieu panalungtikan téh bisa méré gambaran pikeun guru basa Sunda dina hususna, sangkan nambahan pangaweruhna ngeunaan média pangajaran, sarta bisa nangtukeun média pangajaran nu kumaha nu cocog pikeun dipaké dina pangajaran ngadongéng di SMA kelas X.

b) Siswa

Panalungtikan ieu téh dipiharep bisa méré pangaweruh ka siswa ngeunaan mangpaat média gambar séri pikeun ngalatih kamampuh nyarita, hususna ngadongéng. Lian ti éta dipiharep sangkan bisa ngaronjatkeun motivasi siswa pikeun mikaresep pangajaran basa Sunda.

c) Nu nalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho bédana kamampuh siswa sanggeus jeung saacan maké média gambar séri. Nepi ka apal kumaha éféktivitasna média gambar séri pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa hususna dina pangajaran ngadongéng.

d) Nu maca

Hasil ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu maca, hususna ngeunaan mangpaat média gambar séri pikeun pangajaran ngadongéng.

1.5 Raraga Tulisan

Luyu jeung buku pedoman katut aturan nu aya, ieu panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Bab I minangka bab munggaran dina ieu panalungtikan, dijerona medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunana panalungtikan, mangpaat tina éta panalungtikan, katut sistematika penulisan ieu panalungtikan.

Bab II mangrupa bab nu eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero deui ngeunaan ngadongéng, katut média pangajaranana, nyaéta média gambar séri. Lian ti éta, dina ieu bab didadarkeun ogé ngeunaan hipotésis nu eusina ngeunaan jawaban saheulaanan nu patali jeung bangbaluh panlungtikan.

Bab III nyaéta bab nu eusina medar ngeunaan métode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Ieu bab téh eusina ngwengku ngeunaan langkah-langkah panalungtikan, prak-prakan panalungtikan, katut cara ngolah data tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Lian ti éta, ieu bab téh jadi dadasar pikeun nyusun bab satuluyna nya eta bab IV, lantaran ieu bab téh raket patalina jeung bab satuluyna.

Bab IV mangrupa bab nu eusina ngadadarkeun hasil panalungtikan nu geus dilakukeun. Dina ieu bab, didadarkeun ngeunaan hasil sagemblengna tina panalungtikan nu geus dilakukeun, nu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh siswa nu dibéré perlakuan jeung nu teu dibéré perlakuan dina ngadongéng, jeung béda signifikan tina kamampuh siswa pikeun nangtukeun éféktif henteuna média nu digunakeun.

Bab V nyaéta bab nu eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan nu geus dilakukeun. Dijerona dipedar ogé ngeunaan saran, nu aya patalina jeung hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.